

# KOHESI LAN KOHERENSI SAJRONE RUBRIK SARIWARTA ING KALAWARTI PANJEBAR SEMANGAT EDHISI FEBRUARI-APRIL 2019

## Hendyta Agustino

Jurusan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya  
[hendytaagustino16020114045@mhs.unesa.ac.id](mailto:hendytaagustino16020114045@mhs.unesa.ac.id)

## Dr. Surana, S.S., M.Hum.

Jurusan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya  
[Surana@unesa.ac.id](mailto:Surana@unesa.ac.id)

### Abstrak

Wacana kang apik yaiku wacana sing kudu nggatekake sesambungan antarukara. Bab iki mesti kudu digatekake kanggo njaga sesambungane lan runtutane ukara. Selaras karo panemu yen basa iku ana bentuk (*form*) lan makna (*meaning*), sambungan sajrone wacana bisa dibedakake dadi rong jinis yaiku sambungan bentuk sing diarani kohesi, lan sambungan makna utawa sambungan semantis sing diarani koherensi. Kohesi lan koherensi nduweni peran sing wigati kanggo mujudake wutuhing wacan lan nyalarasake wacana. Punjere panliten yaiku kepriye wujud kohesi sajrone rubrik Sariwarta ing kalawarti Panjebar Semangat lan kepriye wujud koherensi sajrone rubrik Sariwarta ing kalawarti Panjebar Semangat. Merga saka kuwi, panaliten iki nduweni ancas kanggo ndeskripsi jinis kohesi lan koherensi ironing rubrik Sariwarta ing kalawarti *Panjebar Semangat* edhisi Februari-April 2020. Panliten iki nggunakake *pendekatan* teoretis arupa *pendekatan* analisis wacana lan *pendekatan* metodologis arupa *pendekatan* dheskriptif kualitatif. Wujud dhata ing panliten iki yaiku pethikan ukara utawa saperangan ukara sajrone wacana sing dinuga ngandhut kohesi lan koherensi. Sumber data panaliten iki dijupuk saka wacana Sariwarta sing ana ing rubrik sariwarta ing kalawarti *Panjebar Semangat* edhisi Februari-April 2020. Tata cara nglumpukake dhata kanthi goleki utawa nyepakake dhata, nganalisis dhata, lan ngandharake asil dhata panliten.

Asil panliten sing ditemokake ana papat jinis kohesi gramatikal lan telu jinis kohesi leksikal. Papat jinis kohesi gramatikal kasebut yaiku penunjuk (panuduh), penggantian (sesulih purusa, kiltika-e), pelesapan, lan perangkaian (pangket). Dene kohesi leksikal kasebut yaiku repetisi, sinonimi (dasanama), lan antonimi (kosok balen). Miturut panliten uga ditemokake pitu jinis koherensi, yaiku koherensi panambahan, perlawanahan, penekanan, perturutan, sebab-akibat, wektu, lan panljentrehan. Asil panliten iki uga bisa dimangerteni yen akeh banget sarana kohesi lan koherensi ing kalawarti Panjebar Semangat mligine rubrik Sariwarta.

**Tembung wigati:** kohesi, koherensi, lan wacana pawarta.

### Abstrak

Wacana yang baik adalah wacana yang harus memperhatikan hubungan antarkalimat. Hal ini harus selalu diperhatikan untuk memelihara keterkaitan dan keruntutan antarkalimat. Sejalan dengan pandangan bahwa bahasa itu terdiri atas bentuk (*form*) dan makna (*meaning*), hubungan dalam wacana dapat dibedakan menjadi dua jenis yaitu hubungan bentuk yang disebut kohesi, dan hubungan makna atau hubungan semantis yang disebut koherensi. Kohesi dan Koherensi sangat berperan dalam membentuk keutuhan serta kepaduan dalam wacana. Rumusan masalahnya adalah bagaimana bentuk kohesi dalam wacana *Sariwarta* di majalah *Panjebar Semangat* edisi Februari-April 2020. Oleh karena itu, penelitian ini bertujuan untuk mendeskripsi jenis kohesi dan koherensi antarkalimat dalam wacana berita rubrik *Sariwarta* di majalah *Panjebar Semangat* edisi Februari-April 2020. Penelitian ini menggunakan pendekatan teoretis yang berupa pendekatan analisis wacana dan pendekatan metodologis yang berupa pendekatan deskriptif kualitatif. Data dalam penelitian ini berwujud penggalan sebuah kalimat atau beberapa kalimat dalam wacana

yang diduga mengandung kohesi dan koherensi dalam wacana berita yang terdapat dalam rubrik sariwarta pada majalah *Panjebar Semangat*. Cara mengumpulkan data dengan mencari data, menganalisis data, dan menjelaskan hasil data.

Berdasarkan hasil penelitian, ditemukan ada empat jenis sarana kohesi gramatiskal dan tiga jenis sarana kohesi leksikal. Keempat jenis kohesi gramatiskal meliputi penunjukan, penggantian, pelesapan, dan perangkaian sedangkan ketiga jenis kohesi leksikal meliputi repetisi, sinonimi, dan antonimi. Menurut hasil penelitian ini juga ditemukan adanya tujuh koherensi dalam wacana berita, yaitu koherensi penambahan, perlawanan, penekanan, perturutan, sebab-akibat, waktu, dan penjelasan. Hasil penelitian ini juga bisa diketahui bahwa banyak sekali ditemukannya sarana kohesi dan koherensi di majalah *Panjebar Semangat* terutama wacana *Sariwarta*.

**Kata Kunci:** kohesi, koherensi, dan wacana berita.

## PURWAKA

Wacana kang apik yaiku wacana sing kudu nggatekake sesambungan antarukara. Bab iki mesti kudu digatekake kanggo njaga sesambungan lan runtutane antarukara. Selaras karo panemu yen basa iku ana bentuk (*form*) lan makna (*meaning*), sambungan sajrone wacana bisa dibedakake dadi rong jinis yaiku sambungan bentuk sing diarani kohesi, lan sambungan makna utawa sambungan semantis sing diarani koherensi.

Wacana bisa diperang dadi loro yaiku wacana lisan lan wacana tulis. Wacana mujudake tingkatan kang paling gedhe sajrone *hierarki* kabasan. Minangka tingkatan paling gedhe sajrone kabasan, wacana ora mujudake susunan ukara kanthi acak, ananging mujudake satuanii basa, yaiku lisan uga tinulis. Kanggo wacana kang diandharake kanthi tinulis, andharan isi utawa warta diandharake kanthi tinulis. Iki ditujukake supaya tulisan kasebut bisa dimangertenin lan dimaknani dening pamaca.

Medhia massa (cetak uga *elektronik*) iku dhasare wujud komunikasi massa. Prodruk medhia massa diasilake dening teknologi

modern minangka lumantar sajrone komunikasi massa (Nurudin, 2007:4). Medhia massa nduweni peran minangka sarana informasi, sarana interaksi sosial, sarta hiburan. Salah siji wujud wacana tulis sing asale saka medhia, kaya ta koran utawa kalawarti bisa dikaji, yaiku saka segi gramatiskal semana uga saka segi kontekse. Kalawarti iku saka kumpulan kertas cetakan kang didadekake siji. Gunane kalawarti yaiku kango informasi (*to inform*), kango ndhidhik (*to educate*), kango hiburan (*to entertain*), kango mangaribawani (*to influence*). (Effendy, 1985:193). Salah siji wujud wacana sing asale saka kalawarti yaiku pawarta. Pawarta mujudake laporan anyar ngenani samubarang bab sing lagi kedadeyan. Pawarta ana kang diandharake kanthi lisan lan tulisan. Pawarta minangka wacana tulis nduweni sesambungan susunan antar ukara kanthi gramatiskal. Pawarta minangka wacana tulis kang ana ing medhia massa salah sijine yaiku kalawarti Panjebar Semangat sajrone *rubrik Sariwarta*.

Kalawarti Panjebar Semangat utawa kang dikenal PS yaiku kalawarti basa Jawa kang terbit ing kutha Surabaya lan dhaerah-

dhaerah sakubenge mligine ing Jawa Tengah lan Yogyakarta. Kalawarti Panjebar Semangat terbit saben minggu sepisan utawa bisa diarani kalawarti mingguan. Sajrone kalawarti iki ana perangan jinis *rubrik* yaiku ana Layang saka warga, Pangudarasa, Sumber semangat, Sariwarta, Pethilan, Guntingan PS 10 taun kepungkur, Dredah & masalah, Yok apa rek kabare... Surabaya?, Olah raga, Obrolan, Cerita sambung, Kembang Setaman, Cerita cekak, Alaming lelembut, Padhalangan, Taman wanita, Ngleluri tullisan Jawa, Kawruh agama Islam, Kasarasan, Taman geguritan, Apa tumon?, Glanggang Remaja, Aiti, Sing njlonet, Astrologi, Cangkriman prapatan PS.

Pamilihe Sariwarta sajrone kalawarti Panjebar Semangat, sajrone panliten iki nimbangake saperangan aspek. Sariwarta mujudake wacana kang disenengi dening para pamaca amarga isine warta kang aktual saben minggune, lan ndadekake pamaca pikantuk warta ngenani samubarang kedadeyan kang dumadi ing sakubenge. Kejaba iku *rubrik* iki mesthi ana saben edhisine Panjebar Semangat. Anane *rubrik* Sariwarta, para pamaca bisa sinau basa Jawa. Bab-bab kang bisa disinaoni yaiku sinau mangerten wacana basa Jawa lan ngandharake apa kang dirasakake utawa dipikirake sajrone basa Jawa. Basa yaiku aspek *sentral* saka gegambaran subjek, lan lumantar basa *ideologi* bisa dimangerten mula aspek iki kang disinaoni sajrone analisis wacana (Eriyanto, 2001:3).

Kasunyatane yen jaman saiki iku para pamaca pawarta luwi kerep maca pawarta kanthi nggunakake basa Indonesia kang ndadekake dheweke nglalekake basa dhaerah mligine basa Jawa. Lingkungan sakubenge uga sing nyebabake dheweke luwi akeh utawa kerep nggunakake basa Indonesia sajrone cecaturan panguripan sabendinan. Akibate para pamaca ngrasa kangelan sajrone mangerten isi wacana kang nggunakake basa Jawa. Kamangka pawarta kang ana sajrone *rubrik* Sariwarta iki bisa ndadekake minangka salah siji *alternatif* medhia sajrone nandhur budaya basa dhaerah mligine basa Jawa.

Kawontenan *rubrik* Sariwarta sajrone kalawarti Panjebar Semangat nduweni paedah kang apik minangka sarana kawruh uga pendhidhikan. Lumantar medhia pawarta, para pamaca bisa ngrembakakake kawruh lan pendhidhikan, nuwuhanke seneng maca, sarta nuwuhanke karemenan pamaca tumrap pawarta. Kohesi lan koherensi sajrone *rubrik* Sariwarta iki patut diteliti amarga ing *rubrik* Sariwarta akeh ditemokake *variasi* panggunane kohesi lan koherensi, kang gunane minangka kanggo nyambungake antarukara kang siji karo liyane saengga kawujud sesambungan. Variasi-variasi kasebut salah sijine ana ing saperangan *referensi* kang ana sajrone pawarta kasebut. Adhedhasar lelandhesan panliten kasebut, perlu dilaksanakke ngenani kohesi lan koherensi Sariwarta ing kalawarti Panjebar Semangat.

## Wacana

Wacana mujudake susunan ukara kang sesambungan, yaiku proposisi kang siji karo proposisi kang liyane dadi siji saengga kawujud makna kang selaras ing antarane ukara-ukara kasebut. Kejaba iku, wacana yaiku Tarigan (2009: 26) ngandharake wacana yaiku satuanii basa kang paling jangkep, luwih dhuwur saka *klausa* lan ukara, nduweni kohesi lan koherensi kang apik, nduweni wiwitan lan pungkasan kang cetha, nduweni sesambungan, lan bisa diandharake kanthi lisan utawa tinulis. Saka pangerten kasebut mula sajrone nyusun wacana mesti kudu dipikir kanthi mateng kanggo nemtokake unsur-unsur saengga bisa dadi wacana kang jangkep. Kamangka, miturut Chaer (2012:267) nduweni panemu yen wacana yaiku satuan gramatikal kang paling dhuwur utawa paling gedhe.

Mulyana (2005:1) ngandharake yen wacana mujudake unsur kabasan kang paling kompleks lan paling jangkep. satuan pendukung kabasane yaiku ana fonem, morfem, tembung, frasa, *klausa*, ukara, pada, nganti karangan utuh. Panemu kang luwih jangkep bisa dirujuk saka miturute Sumarlam (2003: 15) wacana yaiku satuanii basa kang paling jangkep utawa paling gedhe. Wacana bisa diwujudake kanthi lisan kayata sesorah, ceramah, *khotbah*, cecaturan, utawa kanthi cara tinulis kayata cerkak, novel, layang, dokumen. Cekake wacana yaiku satuan basa paling jangkep kang kabentuk saka susunan ukara kang kontinuitas, kohesif, koherensif, lan gumantung sanget tumrap wutuhe unsur makna lan konteks.

Adhedhasar andharan ing dhuwur bisa dimangerten ien wacana iku mesti diwujudake kumpulan ukara. Ukara mujudake kumpulan saperangan tembung, lan tembung mujudake kumpulan wanda, sarta wanda mujudake kumpulan aksara. Wujude wacana kanthi lisan kayata sesorah, ceramah, *khotbah*, cecaturan, utawa kanthi cara tinulis kayata cerkak, novel, layang, dokumen. Cekake wacana yaiku satuan basa paling jangkep kang kabentuk saka susunan ukara kang kontinuitas, kohesif, koherensif, lan gumantung sanget tumrap wutuhe unsur makna lan konteks.

Panliten iki nduweni underan loro yaiku, (1) kepriye wujud kohesi sajrone rubrik Sariwarta ing kalawarti Panjebar Semangat? Lan (2) kepriye wujud koherensi sajrone rubrik Sariwarta ing kalawarti Panjebar Semangat? Tujuwan panliten iki yaiku, (1) ngandharake wujud kohesi sajrone rubrik Sariwarta ing kalawarti Panjebar Semangat lan (2) ngandharake wujud koherensi sajrone rubrik Sariwarta ing kalawarti Panjebar Semangat.

Kohesi lan koherensi nduweni peran sing wigati kanggo mujudake wutuhing wacan lan nyalarasake wacana. Merga saka kuwi, panliten iki nduweni ancas kanggo ndeskripsi jinis kohesi lan koherensi jroning wacana pawarta rubrik Sariwarta ing kalawarti *Panjebar Semangat*.

### **Kohesi**

Kohesi mujudake aspek formal basa sajrone wacana (gayutan sing katon ing

bentuk). Kohesi mujudake bageyan sintaksis lan mujudake wadah ukara-ukara sing disusun kanthi luwes kanggo ngasilake tuturan (Tarigan 1987: 96). Kohesi yaiku gayutan antar ukara ing jerone wacana kanthi skala gramatikal uga skala leksikal tartamtu. Ramlan (1993) medhar tandha sesambungan antar ukara sajrone wacana basa Indonesia. Tandha sesambungan kasebut ing antarane (1) panuduh, (2) sesulih, (3) pelesapan, (4) pangiket lan (5) leksikal, perangane yaiku (1) repetisi, (2) dasanama, lan (3) kosok balen.

### Koherensi

Koherensi yaiku selarase sambung rakete antar ukara sajrone wacana. Koherensi uga gayutan timbal balik sing cocog antar unsur sajrone ukara. Keraf (sajrone Mulyana, 2005: 31). Padha karo bab kasebut Halliday lan Hasan (Sajrone Mulyana, 2005: 31) negesake dene struktur wacana iku dhasare dudu struktur sintaktik, nanging struktur semantik, yaiku semantik ukara sing ing jerone ana proposisi-proposisi. Sebab saperangan ukara namung bakal dadi wacana yen ana gayutan makna ing antara ukara-ukara iku dhewe. koherensi bisa dimangertenin kanthi cara njupuk dudutan gayutan antar proposisi sajrone wacana iku. Kohesi bisa dijilentrehake kanthi eksplisit, yaiku diandharake sajrone wujud tandha koherensi sing awujud tandha sesambungan antar ukara.

Ramlan nemokake anane sepuluh jinis pertalian makna sing nggayutake informasi

sajrone ukara sing liya sing nyebabake kawujude keselarasan informasi. Sepuluh jinis koherensi kasebut yaiku ing antarane (1) penambahan, (2) perlawanahan, (3) penekanan, (4) perturutan, (5) sebab-akibat, (6) wektu, (7) syarat, (8) cara, (9) kegunaan (10) penjelasan.

Tujuwan aspek panganggone aspek utawa saran koherensi ing antarane yaiku supaya kakripta susunan lan struktur wacana sing nduweni sipat selaras, runtut, lan logis. Sipat selaras maknane cocog lan harmonis. Kecocogan ana ing selarase gayutan antar proposisi sajrone kesatuan wacana. Kohesi lan koherensi asline memper sithik. Saperangan tandha aspek kohesi mujudake aspek tandha koherensi lan uga sewalike.

### METODHE

Panliten ngenani Kohesi lan Koherensi antar Ukara sajrone *Rubrik “Sariwarta”* ing Kalawarti Panjebar Semangat, nggunakake pendekatan dheskriptif kualitatif, amarga panliten iki bakal ngandharake dhata kanthi wujud basa (Sudaryanto, 1992:63). Tata cara nglumpukake dhata kanthi nggunakake metodhe simak kanthi maca sumber dhata lan teknik cathet kanthi nyathet dhata sing ditemokake.

### ASIL LAN ANDHARAN

Andharan iki bakal ngandharake asile panliten lan analisis dhata sing diandharake ing ngisor iki . Kohesi lan koherensi ing rubrik Sariwarta iku bisa diandharake kanthi nggunakake teorine Ramlan.

## Kohesi

Kohesi mujudake konsep makna sing nengenake ing sesambungan makna sajrone wacana. Sesambungan iku dumadi sajrone strata gramatikal lan leksikal tartamtu. Adhedhasar saka panliten sing wis dilaksanakake ana papat jinis sarana kohesi gramatikal, lan telung jinis sarana kohesi leksikal.

## Penunjukan

Tandha sesambungan panuduh yaiku tembung utawa frasa kanggo nuduhake tembung, frasa, utawa satuan gramatikal sing liyane sajrone wacana. Panuduhan bisa *asipat anaforis* uga *kataforis*. Cacahe tembung sing miguna minangka tandha sesambungan panuduhan iki yaiku: iki, iku, kasebut banjur, lan sadurunge.

*Calon wakil presiden nomer urut 01 KH Ma'ruf Amin ngendika nadyan isine Indonesia Barokah mojokakae Prabowo, nanging dudu pakartine tim sukses Jokowi-Ma'ruf. Kepara Ma'ruf ndheseg pulisi amrih nggoleki dhalang ing samburine tabloid sing mabrung sinang iku.*  
(6/ PS 9 Februari)

Tembung *iku* ing ‘*mabrung sinang iku*’ sing ana ing ukara keloro mujudake unsur pnenunjuk tumrap ukara kapisan. Saengga ‘*mabrung sinang iku*’ ing ukara keloro kasebut nduweni teges kaya ukara kapisan yaiku ngandharake yen tabloid Indonesia Barokah mojokake Prabowo. Sajrone rubrik Sariwarta sing ana ing kalawarti Panjebar Semangat kanthi irah-irahan Pulisi Nglacak Dhalang Tabloid Indonesia Barokah.

## Penggantian

Tandha sesambungan sesulih yaiku tandha sesambungan antarukara sing awujud tembung utawa frasa sing nggantikake tembung, frasa, utawa satuan gramatikal liya sing manggon ing ngarepe utawa kanthi *anaforik* uga ing mburine utawa kanthi *kataforik*. Wujud tandha sesambungan ini ing antarae yaiku tembung sesulih purusa, tembung sesulih panuduh papan, tembung iki, mangkono, mangkene, lan kamangka.

*Bu Yani dhewe puguh emoh ngakoni wis ngedhit vidheo kasebut. Dheweke malah wani sumpah-sumpah barang.*  
(16/ PS 16 Februari)

Tembung *dheweke* sing ana ing ukara keloro ngganteni tembung Bu Yani sing ana ing ukara kapisan sajrone rubrik Sariwarta sing ana ing kalawarti Panjebar Semangat kanthi irah-irahan Buni Yani Dibawi ing Lapas Gunung Sindur

## Pelesapan

Tandha sesambungan pelesapan utawa elipsis yaiku kohesi gramatikal sing awujud ngilangake unsur ukara sing wis disebutake sadurunge. Masiya diilangi, nanging unsur ukara kasebut isih bisa dimangerteni amarga ukarane luwih efektif.

*Kanthy gegaman mau AJ mateni Budi. Jisime (Ø) banjur dilebokake koper sawise sadurunge strahe ditigas.*  
(28/ PS 27 April)

Elipsis ana ing unsur ukara sing nglungguhi fungsi minangka objek tumrap ukara kapisan. Tembung sing dilesapake yaiku Budi. Sajrone rubrik Sariwarta sing

ana ing kalawarti Panjebar Semangat kanthi irah-irahan Pulisi Kasil Miyak Kasus Mutilasi Homoseksual ing Kediri.

### Perangkaian

Tandha sesambungan pangket yaiku sesambungan sing disebabake anane tembung sing nyusunake ukara siji tumrap ukara liyane sajrone pada. Tembung utawa kelompok tembung sing miguna minangka tandha sesambungan repetisi ing antarane yaiku lan, banjur, ananging, kamangka, sawalike, malah, tuladhane, kejaba iku, jalaran, mula saka kuwi, lan sapanunggalane.

*Barang bukti wis sumimpen ing kantor Komite Dislipin PSSI, lawange wis disegel garis pulisi. Mangka Satgas Antimafia Sepak Bola durung wae nggledhah isine kantor kasebut.*

(32/ PS 2 Maret)

Ing awal ukara keloro ana penanda kohesi perangkaian mangka sing nyambungake antara ukara iki keloro ukara kepisan. Kejaba minangka penanda kohesi perangkaian, tembung mangka uga mujudake penanda koherensi perlawanahan. Apa sing diandharake ing ukara keloro berlawanan karo ukara kepisan. Sajrone rubrik Sariwarta sing ana ing kalawarti Panjebar Semangat kanthi irah-irahan irahan Bos PSSI Dipriksa Satgas Anti-Mafia Bola 20 Jam.

### Kohesi Leksikal

Tandha sesambungan leksikal yaiku hubungan sing disebabake dening anane tembung-tembung sing kanthi leksikal

nduweni *pertalian*. Tandha sesambungan leksikal iki bisa dibedakake dadi pengulangan, sinonimi, lan antonimi.

### Repetisi

Kohesi pengulangan mujudake kohesi leksikal sing awujud pengulangan unsur sing wis disebutake ing sadurunge.

*Miturut Wiranto Kivlan sing uga tilas andhahane mau ora pisan pindho nyengguh dheweke ndhalangi kerusuhan 1998. Nalika pilpres 2004 lan 200, ujare Wiranto, Kivlan uga ngecakake pakarti sing padha. Mung wae saiki Wiranto kepeksa njawab merga wis suwe ora ngladeni tudingane Kivlan. Kepara Wiranto kandha Kivlan tau mara menyang omahe saperlu njaluk dhuwit lan diwenehi.*

(42/ PS 9 Maret)

Panganggone repetisi sing ana ing kalawarti Panjebar Semangat kanthi irah-irahan Wiranto Nampik Kivlan Zen Bab Kerusuhan 1998 yaiku, tembung *Wiranto* dibaleni ana ing ukara kapisan lan ukara-ukara sabanjure. Anane repetisi iki minangka wujud kohesi leksikal sing ana ing wacana.

### Dasanama

Dasanama yaiku satuan basa mligine tembung utawa wanda sing wujude beda nanging maknane meh padha dadi sing dimaksud dasanama sajrone kohesi leksikal yaiku relasi makna sing meh padha antawis unsur sing siji tumrap unsur liyane.

*Ketua KPU Arief Budiman ngandharake dhaptar susulan mau dibiwarakake marang masyarakat sawise KPU dhaerah nintingi maneh caleg-caleg sing tau kembet kasus korupsi. Miturut Arief masyarakat duwe hak*

*meruhi sapa wae caleg sing sing rumuhun tau diukum merga **ngunhet** dhuwit negara.*  
(47/ PS 2 Maret)

Tembung *korupsi* ing ukara kapisan meh padha karo *ngunhet* ing ukara keloro. Sajrone rubrik Sariwarta sing ana ing kalawarti Panjebar Semangat kanthi irah-irahan KPU Mbiwarakake Dhaptar Tambahan Caleg Tilas Koruptor.

### **Antonimi**

Antonimi utawa kosok balen yaiku satuan basa sing maknane lelawanan. Anane kosok balen iki minangka tandha anane sesambungan sing dumadi sajrone wacana.

*Direktur Wahana Lingkungan Hidup (Walhi) Papua, Ais Rumbekwans, mratelakake banjir bandhang kasebut timbul merga alas-alas ing gumuk sakiwa-tengene*  
(53/ PS 30 Maret)

Sesambungan sing ngandharake kosok balen yaiku tembung sakiwa karo tembung tengene. Kosok balen ing kene minangka kosok balen sing saling nglengkapi. Sajrone rubrik Sariwarta sing ana ing kalawarti Panjebar Semangat kanthi irah-irahan Banjir Bandhang Nyapu Jayapura, Wong 89 Tinggal Donya.

### **Koherensi**

Ramlan (1993:10) ngandharake yen sajrone bidhang makna saben ukara njelntrehake informasi. Informasi sing ana ing ukara sing siji nduweni sesambungan tumrap ukara liyane saengga kawujud satuan informasi sing selaras.

### **Koherensi Penambahan**

Koherensi penambahan yaiku koherensi sing kawujud amarga anane ukara sing nyatakake sajabane bab utawa kedadeyan liya saka sing wis dinyatakake ing ukara sadurunge. Dadi, apa sing dinyatakake ing salah siji ukara mujudake penambahan tumrap apa sing wis dinyatakake ng ukara sadurunge.

*Sebab, kandidene pejabat politik, bupati ora diolehi nglungguhi jabaatan karir sing kudune dadi hake pegawe negri sipil. Kejaba kuwi, ujare Bahtiar, jabatan kepala dhinas mono sing wenang nglungguhi tataran eselon III B.*  
(56/ PS 6 April)

Koherensi *kejaba kuwi* ana ing ukara keloro. Apa sing diandharake ing ukara keloro ditambahake saka apa sing diandharake ing ukara kapisan. Sajrone rubrik Sariwarta sing ana ing kalawarti Panjebar Semangat kanthi irah-irahan Nyleneh, Bupati Ngangkat Dhirine Minangka Kadis Kesehatan.

### **Koherensi Perlawanan**

Koherensi perlawanan yaiku koherensi sing kawujud amarga anane ukara-ukara sing lelawanan samubarang bab, kahanan, utawa kedadeyan.

*Ing Aceh, kandhane Hinca, Ani Yudhoyono kober sambat astana krasa lara. Nanging bareng digawa kondur menyang Jakarta, rasa lara mau ilang.*  
(61/ PS 23 Februari)

Ing ukara kapisan nganti ukara keloro mujudake koherensi perlawanan amarga ngandharake loro bab sing lelawanan yaiku Ani Yudhoyono kober sambat astana krasa lara anangng rasa lara mau ilang nalika

kondur menyang Jakarta. Koherensine ana ing ukara keloro yaiku tembung *nanging*. Sajrone rubrik Sariwarta sing ana ing kalawarti Panjebar Semangat kanthi irah-irahan Ani Yudhoyono Didhiagnosa Nandhang Kanker Dharah.

### Koherensi Penekanan

Koherensi penekanan mujudake koherensi sing kawujud amarga apa sing diandharake tumrap ukara sing nengenake apa sing diandharake ing ukara-ukara sadurunge.

*Henry aweh dudutan isu hoaks isih dadi piranti politik kanggo mangaribawani masyarakat supaya nyoblos calon tinamu. Mangka cetha yen cara-cara mau ora sehat awit masyarakat awam dicekoki kabar palsu.*

(66/ PS 20 April)

Ing awal ukara keloro ana tembung *mangka* sing gunane minangka koherensi penekanan. Diandharake ing ukara kapisan yen isu hoaks isih dadi piranti politik kanggo mangaribawani masyarakat. Ukara keloro yaiku nengenake yen cara-cara mau gampang mangaribawani kateguhane masyarakat kanthi dicekoki kabar palsu. Sajrone rubrik Sariwarta sing ana ing kalawarti Panjebar Semangat kanthi irah-irahan Kabar Hoaks Saya Nderbala Nyedhaki Pemilu.

### Koherensi Perturutan

Koherensi perututan yaiku koherensi sing kawujud amarga anane ukara-ukara

sing ngandharake kedadeyan utawa kahanan sing dumadi kanthi cara urut.

*Marang Kalla, SBY nuturake dhokter pinilih isih mbudidaya mbrastha sel-sel kanker mau amrih ora ngrembaka tekan ngendi-endi. Sabanjure Kalla ndongakake amrih Ani Yudhoyono enggal sehat lan bali kaya wingi uni.*

(70/ PS 16 Maret)

Koherensi perurutan ana ing ukara keloro yaiku *sabanjure*. Ukara kapisan ngandharake yen SBY ngandhani Kalla ngenani dhokter sing lagi mbrastha sel-sel kanker supaya ora tekan ngendi-ngendi, sing disusul kanthi andharan ing ukara sabanjure yen Kalla ndongakake Ani Yudhoyono enggal sehat. Sajrone rubrik Sariwarta sing ana ing kalawarti Panjebar Semangat kanthi irah-irahan Wapres Jusuf Kalla Mbesuk Ibu Yani Yudhoyono.

### Koherensi Sebab-Akibat

Koherensi sebab akibat mujudake koherensi sing kawujud amarga anane ukara sing menehake andharan ngenani sebab utawa alasan dumadine samubarang sing diandharake ing ukara liyane.

*Deresing udan ing pegunungan njalari Kali Kemiri ora kuwawa nampung banyu engga kedadeyan banjir bandhang.*

(75/ PS 30 Maret)

Tembung *njalari* mujudake koherensi sebab akibat. Ing ukara kasebut diandharake yen udan deres ing pengunungan iku njalari banyu ing Kali Kemiri amber saengga kedadeyan banjir. Sajrone rubrik Sariwarta sing ana ing kalawarti Panjebar Semangat kanthi irah-irahan Banjir Bandhang Nyapu Jayapura, Wong 89 Tinggal Donya.

### Koherensi Waktu

Koherensi wektu mujudake koherensi sing kawujud amarga anane salah siji ukara ngandharake wektu sing dumadi utawa wates wektu mulane kedadeyan sing diandharake ing ukara liyane.

*Wondene taun 2019 mokal kaleksanan awit ora ana anggaran sing disediakake kanggo kuwi. Nalika kampanye ing Sentul, Internatioanl Convention Center, Bogor, Ahad (24/2), Jokowi ngandharake janji akeh kertu prakerja kanggo mbiyantu angkatan kerja sing ngupaya gaweyan sarta pekerja sing duwe karep pindhah nggon kerja.*

(81/ PS 16 Maret)

Tembung *nalika* minangka koherensi wektu. Ing ukara kapisan diandharake yen taun 2019 ora sida nyedyiakake anggaran kanggo pengangguran. Ukara iki ngandharake wektu kanggo ukara keloro, yaiku nalika kampanye ing Sentul, Ahad (24/2), Jokowi janji bakal akeh kertu prakerja. Sajrone rubrik Sariwarta sing ana ing kalawarti Panjebar Semangat kanthi irah-irahan Wapres Kalla Ora Sarujuk Pengangguran Digaji.

### Koherensi Penjelasan

Koherensi penjelasan mujudake koherensi sing kawujud amarga anane ukara sing menehake andharan utawa katrangan luwih jangkep kanggo informasi sing diandharake ing ukara liyane.

*Partai sing karamal mung entuk swara sauprit iku umume partai anyar sing lagi mblabar kawat ing pemilu taun iki. Partai-partai mau yakuwi Perindo (2,6 persen), PAN (2,2 persen), Hanura (1,3 persen), PSI (1,3 persen), Berkarya (0,8 persen), PBB(0,6 persen), Garuda (0,2 persen), lan PKPI (0,2 persen).*

(15/Apr/PARTAI/86)

Ing ukara keloro mujudake katrangan luwih jangkep saka ukara kapisan. Ing ukara kapisan diandharake yen Partai sing keramal entuk swara sauprit iku umume partai anyar sing lagi melu pemilu taun iki. Ukara keloro yaiku katrangan luwih jangkepe ngandharake yen partai-partai mau yakuwi Perindo (2,6 persen), PAN (2,2 persen), Hanura (1,3 persen), PSI (1,3 persen), Berkarya (0,8 persen), PBB(0,6 persen), Garuda (0,2 persen), lan PKPI (0,2 persen). Sajrone rubrik Sariwarta sing ana ing kalawarti Panjebar Semangat kanthi irah-irahan Partai 8 Dipredhiksi Ora Lolos Parlemen.

### PANUTUP

### Dudutan

Adhedhasar asil panaliten ditemokake patang jinis kohesi gramatikal lan telung jinis kohesi leksikal. Patang jinis kohesi gramatikal kasebut yaiku panuduh, sesulih, pelesapan, lan pangiket. Dene kohesi leksikal kasebut yaiku repetisi, dasanama, lan kosok balen. Miturut panliten uga ditemokake pitu jinis koherensi, yaiku Koherensi panambahan, perlawanan, penekanan, perturutan, sebab-akibat, wektu, lan penjelasan.

### Pamrayoga

Panliten iki namung nliti dhata sing awujud wacana pawarta sajrone rubrik Sariwarta ing kalawarti Panjebar Semangat. Pamrayoga panliti kanggo panliti liyane

yaiku nliti wacana jinis liya kayata prosa, guritan, drama, saengga katon cetha bedane kohesi lan koherensi sing ana ing wacana jinis kasebut.

## KAPUSTAKAN

- Chaer. Abdul. 2012. *Linguistik Umum*. Yogyakarta: Rineka Cipta.
- Effendy, Onong Uchyana. 2011. *Ilmu Komunikasi: Teori dan Prakteknya*. Bandung: Remaja Rosdakarya.
- Eriyanto, 2001. *Analisis Wacana: Pengantar Analisis Teks Media*. Yogyakarta: LkiS.
- Mulyana. 2005. *Kajian Wacana: Teori, Metode & Aplikasi Prinsip-Prinsip Analisis Wacana*. Yogyakarta: Tiara Wacana.
- Nurudin. 2007. *Pengantar Komunikasi Masa*. Jakarta: Raja Grafindo.
- Ramlan. 1993. *Paragraf Alur Pikiran dan Kepaduannya dalam Bahasa Indonesia*. Yogyakarta: Andi Offset.
- Sudaryanto. 1993. *Metode dan Teknik Analisa Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Sumarlam. 2003. *Teori dan Praktek Analisis Wacana*. Surakaarta: Pustaka Cakra.
- Sumarlam, dkk. 2008. *Analisis Wacana Iklan, Lagu, Puisi, Cerpen, Novel, Drama*. Surakarta: Eltorros.
- Tarigan, Henry Guntur. 1987. *Pengajaran Wacana*. Bandung: Angkasa Bandung.
- Tarigan, Henry Guntur. 2009. *Pengajaran Wacana*. Bandung: Angkasa Bandung.